



Pou Piblikasyon Imedya: 26/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 6 MILYON DOLA DISPONIB KOUNYE A POU  
SIBVANSYON ENPAK KOMINOTÈ NAN JISTIS ANVIWÒNMANTAL**

*Finansman disponib pou abòde enkyetid anviwònmantal nan zòn jistis  
anviwònmantal potansyèl yo*

*Pi gwo opòtinite Sibvansyon Enpak Kominotè ki janm egziste depi kreyasyon  
pwogram lan*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 6 milyon dola nan sibvansyon ki disponib kounye a pou ede kominote yo fè fas ak defi jistis anviwònmantal yo epi adrese enkyetid anviwònmanta yo. Dènye faz Sibvansyon Enpak Kominotè nan Jistis Anviwònmantal (Environmental Justice Community Impact Grants) la se pi gwo kantite lajan yo ofri jiskaprezan epi se Fon pou Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a ki sipòte li kòm yon pati nan kad efò kontinyèl New York ap fè pou ede kominote yo k ap pote fado polisyon anviwònmantal la yon fason ki pa pwopòsyonèl.

"Eta New York pran angajman pou l bay kominote yo zouti ak resous nesèsè pou ede abòde defi istorik ak kontinyèl ke polisyon anviwònmanta lakoz yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman Sibvansyon Enpak Kominotè nan Jistis Anviwònmantal la, ki se pi gwo kantite lajan pwogram nan te mete disponib jiska prezan, pral amelyore kapasite òganizasyon kominotè yo atravè eta a pou abòde enkyetid lokal yo epi devlope solisyon lokal pou amelyore kalite lavi epi asire yon avni ki pi pwòp epi ki pi an sante."

Depi 2006, epatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York deja resevwa plis pase 12 milyon dola nan Sibvansyon Enpak Kominotè (Community Impact Grants) pou òganizasyon kominotè yo pou pwojè ki angaje kominote yo nan tout kesyon jistis anviwònmantal yo epi ankouraje solisyon ki akse sou kominote yo. Òganizasyon kominotè yo kapab aplike pou resevwa jiska 100,000 dola nan finansman pou pwojè yo ki ap adrese enkyetid sante piblik ak anviwònmantal rezidan yo nan katye ki afekte yo.

Pwojè anvan yo ke DEC a te sibvansyone a gen ladan syans patisipatif piblik, siveyans kalite dlo ak lè ki dirije-lokalman, agrikilti iben, restorasyon abita, plantasyon pye bwa,

devlopman kourikoulòm, ak enstalasyon enfracstrikti vèt yo. Yon lis tout pwojè ke yo te finanse deja ak deskripsyon pwojè yo disponib sou [Open Data NY](#).

**Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare,** "Sibvansyon Enpak Kominotè nan Jistis Anviwònmantal la deja kontribiyè nan pwogrè enpòtan nan ede Nouyòkè yo viv yon vi ki pi an sante, ki pi dirab. Finansman sa a se youn nan plizyè fason DEC ap travay an kolaborasyon ak kominote yo ak òganizasyon yo pou proyorize jistis anviwònmantal, avanse solisyon dirab, ak pwoteje resous lokal yo."

**Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare,** "Li enpòtan pou mete sibvansyon esansyèl sa yo disponib pou ede kominote jistis anviwònmantal ki gen yon fado enjis pa polisyon endistriyèl. Nou dwe kontinye travay di pou ede soulaje fado sa a lè nou itilize tout resous ki disponib yo."

**Manm Asanble Deborah Glick te deklare,** "Sibvansyon Enpak Kominotè nan Jistis Anviwònmantal sa yo enpòtan anpil pou kominote majinalize yo pou abòde plizyè ane ke yo te ekspoze twòp fas ak dechè danjere, polisyon, ak lòt enpak anviwònmantal toksik yo. Yon ogmantasyon nan sibvansyon enpòtan sa yo se bon direksyon pou Eta New York, mwen apresye sipò kontinyèl Gouvènè Hochul ak komisyonè Seggos pou fon ak pwojè jistis anviwònmantal yo."

Òganizasyon kominotè, ki elijib yo, sitiye nan Zòn Jistis Anviwònmantal Potansyèl yo, se gwoup k ap sèvi rezidan yon zòn ki menm gwosè oswa pi piti pase yon konte andeyò Vil New York oswa yon zòn ki menm gwosè oswa pi piti pase youn nan senk awondisman ki andedan Vil New York yo , ak òganizasyon yo ki gen yon revni anyèl total ki mwens pase 3 milyon dola. W ap jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon anliy sou [Pòtay Opòtinite Sibvansyon \(Grant Opportunity Portal\) an](#). Pwojè yo dwe adrese yon pwoblèm ekspozisyon yon kominote anba plizyè danje anviwònmantal epi yo dwe gen yon nouvo eleman rechèch yo pral itilize pou elaji konesans kominote ki afekte a.

Yo egzije pou tout kandida yo enskri epi prekalifye sou Pòtay Sibvansyon an anvan yo fè demann. Depi òganizasyon yo enskri epi prekalifye, yo ka mande sibvansyon an sou Pòtay Sibvansyon an. Enstriksyon yo ak fòmilè demann nan disponib anliy sou [sit wèb Grants Gateway la](#). Dènye delè a pou demann yo se 3 p.m. lè lès nan dat 26 jiyè 2023. Pou yon lis enstriksyon konplè ak plis enfòmasyon, kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal DEC la nan 518-402-8556, [justice@dec.ny.gov](mailto:justice@dec.ny.gov) oubyen anliy sou [sit wèb Jistis Anviwònmantal DEC la](#).

Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a te bay finansman pou pwogram sibvansyon sa a, yon resous enpòtan pou pwogram anviwònmantal tankou akizisyon tè, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisan, aksè ak lwazi, amelyorasyon kalite dlo, ak pwojè jistis anviwònmantal yo. Pami anpil viktwa anviwònmantal nan Bidjè Eta 2022-23 ki te adopte, Gouvènè Kathy Hochul ak lidè lejislatif yo te ogmante EPF a 400 milyon dola, se pi gwo nivo finansman ki te janm genyen nan istwa pwogram nan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)